TARIRO YANHASI

CHITSAUKO 36

ZVIPIKIRWA ZVAMWARI

Zvatinoona munhoroondo ndezvekuti vanhu vanowanza kuzvipa simba rakawandisa. Ndiri kufunga muenzaniso waunoona munhoroondo yemakare kare. Makare kare zviya munyika yeBhabhironi kwakange kuine mumwe mambo ainzi Bherishezari. Akazvipa simba rakawandisa. Akatora midziyo yaiera yakabva muTemberi yaMwari yakange yabiwa kuJerusarema nasekuru vake. Akaita mabiko akatora midziyo iyi iye nemakurukota ake vakanwira kubva mumidziyo iyi. Husiku ihwohwo ndihwo hwakaparara humambo hwake.

Mumazuva ano tinogona kutora Adolf Hitler semunhu akazvipa simba rakawandisa. Akafunga kuti anogona kutonga pasi rino rese nekuuraya vanhu vasingadiwe. Kune vanhu variko iye zvino vanozvipa simba rakawandisa. Chinhu chimwe chete chatinofanira kurangarira nguva dzese ndechekuti vanhu vese zvisikwa saka vanofanira kuzviisa pasi pemusiki. Saka mufaro wedu unogona bedzi kuva wechokwadi kana tiine hukama hwakanaka nemusiki wedu. Kune vamwe vanoremerwa kugamuchira chokwadi icho vanoda kuzviti tiri panowo asi pavanongodaro vanobva vazvipa masimba akawandisa. Mufaro unouya bedzi kana uchirarama zvinofambirana NEZVIPIKIRWA ZVAMWARI. Noa akadzidza pamusoro pazvo muna Genesi 9:1-7

[1]Ipapo Mwari akaropafadza Noa navanakomana vake, akati kwavari, "Berekanai muwande uye muzadze nyika. [2]Mhuka dzose dzenyika neshiri dzose dzedenga dzichakutyai uye dzichakuvhundukai, zvitsikwa zvose zvinokambaira panyika, nehove dzose dzegungwa, zvakapiwa mumaoko enyu. [3]Zvinhu zvose zvinorarama nezvinokambaira zvichava zvokudya zvenyu. Sezvandakakupai muriwo munyoro, ndiri kukupai zvino zvinhu zvose. [4]Asi hamufaniri kudya nyama ropa rayo roupenyu richiri mairi. [5]Uye zvirokwazvo ndichatsvaka kuti muzvidavirire pamhuka dzose. Uye kubvawo pamunhu mumwe nomumwe ndichatsvaka kuti azvidavirire nokuda kwoupenyu hwomunhu wokwake. [6]Ani naani anoteura ropa romunhu, ropa rake richateurwawo nomunhu nokuti nomufananidzo waMwari, Mwari akaita munhu. [7]Kana murimi berekanai muwande muwande panyika uye muwande kwazvo pamusoro payo."

Kubva kune zvakaitika kuna tateguru Noa tinogona kudzidza kuti Mwari musiki akatema zvimwe ZVIGA zvaakati zvinozotarisirwa kuti munhu atevedzere kana kuti isu titevedzere. Chiga **chekutanga** ndechekuti munhu anofanira kuchengetedza Nyika. Achingobva pakupira chibayiro mushure mekubuda muareka Mwari vakati kuna Noa, "Berekanai muwande uye muzadze nyika." Izvi zvakangoda kuita nemo nemo nezvakataurirwa Adamu naMwari pakutanga paya Mwari pavakasika munhu. "Berekanai muwande, zadzai nyika uye mubate ushe pamusoro payo." Ndizvo zvaakataura kuna Adamu. Pano akangoti, "Berekanai muwande uye muzadze nyika." Izvi zvinoratidza mavambo matsva. Ichi chinhu chaidzokororwa zvakange zvarairwa Adamu. Asi iri raive basa rakakura rekuti, "Muwande uye muzadze nyika."

Tinofanira kuisa simba redu rakawanda pakuchengetedza nyika. Ichi chipo chatikapihwa naMwari. Mwari vanotarisira kuti tichengetedza nyika sei. Isu tiri

munzvimbo yekuva zvisikwa. Mwari ndiye musiki. Ndiye mukuru naIshe wezvinhu zvese. Asi mazuvano vanhu vave kuzviti vane kodzero yekuita zvavanoda. Asika nyika chinhu chatikachengeteswa naMwari. “Berekanai muwande uye muzadze nyika.” Mwari vakaisa basa pamunhu rekuti tichengetedze nyika.

Chiga **chechipiri** ndechekuti munhu anofanira kutora chikuriri pamusoro penyika YeMhuka. Noa akange ave nehukama hutsva. Mwari vakati mhuka dzese dzichakutya nekukuvhunduka kwegore rese muareka Noa nemhuka vaiwadzana vachigara pamwechete. Vese vakange vakanzwirwa tsitsi naMwari. Asi pano pakazoiswa kutya nekuvhunduka. Kune mumwe munhu akambotaura mashoko ane mukurumbira anoreva kuti, “mhuka dzinourayana nekudyanana nguva dzese.” Zvino Noa akange ave kuzotungamirira nenzira yakasiyana neyemuareka. Hwaizove hukama hutsva. Mamiriro ehukuru akange aburitswa pachena. “Zvakapihwa mumaoko enyu.” Kuva nesimba pamusoro pemhuka uku kwaizoonekwa mukupihwa imwe mhando yezvekudya kwakaitwa munhu. Mafashamo emvura asati aitika munhu akange asingadyi mhuka. Zvino iye zvino Mwari ave kuti ndichakupai zvese zvipenyu nezvinokambaira kuti zvive zvekudya zvenyu. Mwari vakange vawedzera kwaibva zvekudya zvemunhu. Kusati kwaita mafashamo emvura vanhu vaidya zvimerwa nezvirimwa.

Kunyange munhu akange anzi achidye zvese asi akanzi asadye ropa kana nyama ine hupenyu mairi. Ropa ndiro hupenyu hwenyama. Simba pamusoro pemhuka iri raive nemuganhu. Munhu chisikwawo saka anofanira kurarama achitevera mutemo waMwari. Munhu haagoni kuita chikuriri chake pamhuka nezvipenyu zvese zvisina miganhu yaanopihwa naMwari. Chiga chechitatu ndechekuti munhu ane basa

rekururamisira pamabatiro aanoita vamwe vanhu. Uyu ndiwo mutemo mukuru kubva pane imwe mitemo yaakange apihwa. Hugaro hutsva hwakange hwatangiswa naMwari. Mwari vakati, “Uye zvirokwazvo ndichatsvaka kuti muzvidavirire nokuda kweropa renyu. Ndichatsvaka kuti muzvidavirire pamhuka dzose. Uye kubvawo pamunhu mumwe nomumwe, ndichatsvaka kuti azvidavirire nokuda kwoupenyu hwomunhu wokwake” Munhu nehama yake vanofanira kuwirirana. Pakange pave nemagariro matsva. Pakange pave nekudyidzana. Hakuna munhu anofanira kuita humbimbindoga. Zano ndega akasiya jira kumasese. Vanhu vaya vanogara vari vega kumakomo vanotori varwere. Kugarisana nekubatsirana kwaifanira kuchengetedzwa.

Vakapihwawo mitemo inoita kuti nyika igare zvakarongeka. Mwari vakati, “Ani naani anoteura ropa romunhu, ropa rake richateurwawo nomunhu. “ Saka kupondana kwakabva kwanzi hakusi pamutemo. Mhondi yese inofanira kuziva kuti ichauraiwa nekuda kwemunhu wese waanenge auraya. Kururamisira kwakadai kunoitwa kuti kudzivirire vanhu kuponda vamwe vanhu. Izvi hazvina kana mubvunzo. Vasina kururama ngavazive kuti Mwari ndiMwari vekururamisira nekuti vakasika munhu nemufanananidzo wavo. Saka chinhu chakakurisisa chinenge chaitwa nemunhu kana achiuraya mumwe munhu. *“Ani naani anoteura ropa romunhu ropa rake richateurwawo nomunhu”* Ndizvo zvakataurwa naMwari. Kururamisira kunofanira kuitwa zvichibva pane zvakatarwa nemusiki. Hatigoni kushaiwa hanya nemitemo yemusiki. Kana kuitarisira pasi kana kuityora. Munhu anotarisirwa kuteerera Mwari.

Usafunge kuti unogona kurarama uchiita madiro ako. Musiki akaisa mutemo wekuti tichengetedze nyika kwete kuitorera zviri mairi tisingadzoreri kana kungoiparadza.

Tinofanira kutonga mhuka kwete kudziitira hutsinye. Tichatarisira kururamisira asi tisingakanganwi kuti isu pachedu takasikwa nemufananidzo waMwari. Pane zvatinosungirwa kuita naMwari.